



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU DÈNYE OGMANTASYON NAN AKTIVITE COVID-19

Ospitalizasyon yo te ogmante pa rapò ak menm peryòd la nan ete pase a, men rete trè anba pousantaj yo te remake pandan menm peryòd la an 2022

N ap raple Nouyòkè yo sou dènye direktiv COVID-19 yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay Nouyòkè yo yon mizajou sou COVID-19 kòm nouvo varyant yo kontribiye nan ogmantasyon ospitalizasyon yo nan kèk pati nan Eta New York ak nan tout peyi a. Avèk rasanbleman sosyal yo k ap ogmante pandan mwa ete yo, ak tanperati ki wo ki fòse moun rete andedan kay, Gouvènè a raple Nouyòkè yo pou yo fè tès yo si yo gen sentòm yo, swiv prekosyon abityèl yo tankou direktiv CDC aktyèl, rete ajou avèk vaksen COVID-19 yo ak chèche tretman apwopriye si sa nesesè.

"Pandan nou bokou pi ba pase chif nou te obsève pandan pandemi an, nou ap siveye ak anpil atansyon aktivite konsènan dènye varyant yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè yo swiv direktiv yo epi pran prekosyon ki senp, Nouyòkè yo ka kontinye jwi yon ete ki an sekirite ak an sante."

Ospitalizasyon COVID-19 yo kounye a bokou pi wo pase pousantaj yo te obsève nan moman sa a ane pase a, men bokou pi ba pase pousantaj yo te obsève pandan menm peryòd la an 2022.

- **Nan dat 3 jiyè 2024**, mwayèn sèt jou pou nouvo admisyon nan lopital COVID-19 nan tout eta a te **0.72 pou chak 100,000 rezidan.**
- **Nan dat 3 jiyè 2023**, mwayèn sèt jou pou nouvo admisyon nan lopital COVID-19 nan tout eta a te **0.31 pou chak 100,000 rezidan.**
- **Nan dat 3 jiyè 2022**, mwayèn sèt jou pou nouvo admisyon nan lopital COVID-19 nan tout eta a te **1.66 pou chak 100,000 rezidan.**

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Nou obsève yon ogmantasyon nan admisyon nan lopital yo, men anba ogmantasyon ane anvan yo. Amezi moun yo ap deplase andedan kay pou chape anba chalè a, transmisyon an ogmante. Sa a se yon bon opòtinite pou raple moun yo pou yo amelyore ventilasyon andedan kay la chak fwa sa posib. Anplis de sa, lòd pèmanan

mwen te siyen ane pase a toujou anvigè, kidonk nenpòt moun ki ta renmen yon vaksen ajou ka jwenn youn nan famasi yo."

Pou w kapab wè direktiv COVID aktyèl la, gade isit la epi isit la.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye pran mezi solid pou kontwole ak redwi [pwopagasyon COVID-19](#).

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York kontinye swiv direktiv karantèn COVID-19 Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ke nou ka jwenn isit la.

Tès COVID-19 lakay rete disponib nan anpil famasi lokal nan tout eta a. Nouyòkè yo ka jwenn tou sit aktyèl pou vaksen COVID-19 yo [isit la](#).

Disponibilite toupatou tès lakay yo te lakòz yon bès enpòtan nan tès yo voye nan laboratwa. Kounye a, chèchè nan Laboratwa Wadsworth Eta New York yo konte plis sou analiz dlo ize pou siveyans liy COVID-19 k ap sikile. Siveyans dlo ize federal ak eta a endike prezans nouvo varyant yo k ap grandi alafwa nan New York ak nan tout peyi a, ke yo kwè ki se youn nan plizyè kòz potansyèl nan tandans aktyèl yo nan ka COVID-19 ak pousantaj ospitalizasyon yo, ki gen ladan ogmantasyon vwayaj ak melanj sosyal.

Moun ki gen sentòm yo ta dwe fè tès pou COVID-19, epi moun ki teste pozitif yo ta dwe kontakte founisè swen sante yo sou tretman posib, ki te montre yo efikas nan diminye risk rezilta grav. Nouyòkè ki gen sistèm iminitè fèb, ki gen pwoblèm nan poumon oswa kadyovaskilè, oswa lòt faktè risk, ak moun ki granmoun aje, nou ankouraje yo sitou pou yo diskite sou tretman COVID-19 yo avèk yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki teste pozitif yo ta dwe tou evite kontak ak lòt moun, tankou rete lakay yo lè yo sot nan travay, lekòl ak aktivite sosyal.

Vaksen kont COVID-19 la rete youn nan pi bon mezi prevansyon e yo montre li diminye risk pou maladi grav. Nou ankouraje nenpòt moun ki poko resevwa vaksen oswa dòz siplemantè COVID-19 yo pou yo fè sa. Pou plis enfòmasyon sou dènye direktiv CDC sou vaksen yo, gade [isit la](#).

Dapre [Lwa sou Swen Abòdab](#) la, pifò plan asirans sante pral kouvri depans vaksen COVID-19 yo, san yo pa bezwen ko-peman. Moun ki pa gen asirans, oswa kote asirans yo pa kouvri vaksen ki ajou a, ap gen aksè a vaksen yo gratis atravè sant sante kominotè; depatman sante lokal, tribal oswa teritoryal; ak famasi k ap patisipe nan Pwogram Bridge Access HHS la.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU